# Дарсил тема:
# Глагол




ана
босана
унтана



# Дарсил мурад:

Жакъасеб нилъер дарсил
Мурад гьадинаб буго:
Малъараб г1ат1ид гьаби,
Ц1ияб лъай баян гьаби.
Глагол такрар гьабила,
Г1аламатал рицина,
Гьелги гьоркьор ккезарун,
Цо-цо харбал г1уц1ила.
Бит1унхъвай цебет1езе
Хъвавулъ гъалат1 дагьлъизе

Ц1ияб лъай кверде босун,
Хъвазе т1алаб гьабила.
Калам пасих1 гьабизе
Цо-к1иго кеч1 ц1алила.
Коч1ол маг1на бич1ч1изе
К1вар кьун, гьелде ургъила.
Г1акълу бег1ер гьабизе
Гъварилъи-лъай ц1ик1к1ине
Умумуз нилъей тарал
Кицабазул бицина.

# Г1уц1иялде балагьун глаголал рикьула:



# Словарияб х1алт1и

- Г1адатал Журарал Составиял

К1икъот1изе, тира-сверизе,
векерана, х1алт1изе
лъугьана, рак1къазе,
велъизе, адаб-х1урмат
гьабуна, вала-гъалагьизе

# Лингвистикияб разминка

Предложениялъул синтаксисияб разбор гьабе:

***Жакъа нижеца гьабулеб буго рагьараб дарс***

***Жакъа нижеца гьабулеб буго рагьараб*** ***дарс***

# Глаголалъул наклонениял



# Глаголалъул наклонениял-суффиксазул таблица

| **Инфинитив<br>суффикс<br>-зе** | **Буюриялъ<br>ул<br>суффикс<br>-е, -а, -й,** | **Гьукъиялъу<br>л<br>суффикс<br>- ге** | **Гьариялъу<br>л<br>суффикс<br>- ги** | **Гьесизари<br>я-лъул<br>суффикс<br>- ин** |
|---|---|---|---|---|
| *бахъизе*<br>*ретIине*<br>*цIезе*<br>*кьезе*<br>*лъазе*<br>*цIализе* | *бахъе*<br>*ретIе* | *бахъуге*<br>*ретIуге* | *бахъаги*<br>*ретIаги* | *бахъизин*<br>*ретIизин* |

# Глаголалъул наклонениял-суффиксазул таблица

| Инфинитив суффикс -зе | Т1алабияб наклонение -е, -а, -й, -ге, -ги, -ин | Шарт1ияб наклонение -ни, -ани | Суалияб наклонение -ищ, йищ, -дай |
|---|---|---|---|
| *бахъизе*<br>*ретlине*<br>*цlезе*<br>*кьезе*<br>*лъазе*<br>*цlализе* | *бахъе,*<br>*бахъаги*<br>*бахъугеги*<br>*бахъизин* | *бахъани*<br>*вач1уневани* | *бахъизейищ*<br>*ретlанищ*<br>*босанадай* |

# Глаголалъул наклонениял

**Ургъун раг1и ……,**
**борцун гали …….**

**Бицине нечараб……,**
**Гьикъизе намусаб…….**

**Анкьц1ул …,**
**цинц1ул …**

**ургъуге**
**т1аме**
**бице**
**борце**
**гьабуге**
**къот1е**

Предметалъ гьабураб иш яги гьелъул ах1вал-х1ал

Инфинитив –байбихьул форма

Щиб гьабураб, щиб х1алалда бугеб

Г1адатаб, жубараб, составияб

# Глаг ол

Переходност ь, непереходно сть

Заман, цолъул, г1емерлъул форма, жинс

Буголъи-гьеч1олъиялъул, форма

СКАЗУЕМО Е

# *Литературияб минутка*

## *Араб заманалъул глаголал бач1унеб заманалде сверизарун, кеч1 ц1але:*

***Их.***

*Т1аде щвана хинаб их,*
*Т1егьана т1олго гъут1би,*
*Т1огьолал байдабаца*
*Берцин гьабуна дунял.*

*Муг1рулги г1урччинлъана,*
*Г1урабиги ц1илъана,*
*Г1умру баркун х1анч1аца*
*Х1еренаб кеч1 ах1ана.*

*Ж. Мух1амадова. «Лаченалдаса»*



# (Глаголал рате, наклонение баян гьабе)

Г1елму камилаб ккве, квелъ щулияб ккве,
Кинго камуларин коцокъил чучлъи.
Чанги х1ал бихьарав хьибил цун ваче,
Хьопода кьурарас кьолеб щулалъи.

Т1аг1амаб жо кванай, квешаб гьекъоге,
Кеп гьеч1они,дунял, дурги ц1амг1аллъи.



Хъощгелди, ц1ияб сон, баче цо рат1а,

Баркатгун, рах1матгун бач1ун батаги.

Буртинаги бахъун,биче гьоболлъи,

Бечедаб г1умругун рещт1ун батаги.

Биун месед т1ураб Ват1ан ц1унизе

Т1улил вацал араз ах1изин цо кеч1

# Раг1абигун х1ай

- *Абизе -*
- *Багьизе-*
- *Кьеризе-*
- *Т1иризе-*
- *К1усизе-*
- *Ратизе -*
- *Ч1арана-*
- *Бугьана-*
- *Гьаризе-*



# Рагlабигун хlай

- *Абизе  -баизе*
- *Багьизе-гьабизе*
- *Кьеризе-рекьизе*
- *Тlиризе-ритlизе*
- *Кlусизе- сукlизе*
- *Ратизе -таризе*
- *Чlарана- рачlана*
- *Бугьана- гьабуна*
- *Гьаризе- рагьизе*

**х1ажатал мухъал лъе:**

Х1алихьатав г1ел ккани, Чиги т1аса вищуге

/____________________

Тохав вехьасул рехъен Г1адлу бажаруларо

/____________________

Г1и ц1унун, бац1ал тани, Боц1и тала гьабулин

/______________________ Хъурмица ч1ван батула

Воре, бечедав абун,

/______________________

# Глаголалъул морфологияб разбор

1. Предложениялдаса глагол
2. Байбихьул форма (инфинитив)
3. Г1адатаб, жубараб, составияб
4. Наклонение
5. Заман (бугони)
6. Цолъул,г1емерлъул форма (бугони)
7. Переходный,непереходный
8. Жинс
9. Буголъиялъул яги гьеч1олъиялъул форма
10. Предложениялда жаниб кинаб членлъун кколеб?

# Дарсил х1асил:

## Дида лъала…

## Дида бажарула…

# Рокъобе т1адкъай: Гъумер-187,х1-6

# Къо-мех лъик1!